


ESPLIKASYON POU MACHIN KI AP VANN TIKE YO

TOUT PASAJE YO OWE GEN YON TIKE TRI-RAIL KI BON ANVAN YO MONTE TREN AN!



ETA EN,

Chwazi kote w prale. Nan pati jis agòch machin tike a ou ap jwenn twa kolòn ki gen buton ki make non estasyon yo. Peze buton pou estasyon kote ou vle ale a.

ETA DE,

Chwazi jan de tike ou (gade dèyè). Sou bò dwat buton kote ou prale a ou ap jwenn de ri ki gen buton ki montre jan de tike ki disponib yo. Ri agòch buton sa yo se tike pou granmoun/a prisan rediksyon. Lòt buton ri anba a se tike ki gen rediksyon yo (li gen yon foto chèzwoulant sou li). Granmoun ki gen plis pase 65 an, moun andikape, moun ki ap resewva Medicare, timoun ki gen ant 5 a 12 zan ak elèv kalifye pou achte tike ki gen rediksyon sa yo. **Ou dwe gen prèw ke w kalifye pou ka chwazi yon tike ki gen rediksyon.**

ETA TWA,

Peye tike a. Ou ka sèvi ak lajan papyè, lajan an pyès, oswa kat kredi (li pran kat Visa oswa MasterCard). Mete youn, senk, dis, oswa ven dola nan twou pou lajan ki nan pati dwat anba machin nan. Mete pyès lajan (ki pa senk kòb wouj) nan twou pou mete pyès lajan yo ki sou bò dwat foto pyès lajan an. Mete kat kredi a nan twou ki nan pati anwo dwat machin nan. Kounye-a tike-a la pral enprime. Nan kèk segonn, ou ka pran li ansanm ak nenpòt ki monnen ou genyen nan pati anba agòch machin nan.*

*Machin nan remèt lajan papyè an pyès monnen

CHWA TIKE:

TIKE SAN REDIKSYON (FULL FARE): Peze butonki anba "ADULT"

TIKE KI GEN REDIKSYON (DISCOUNT FARE): Peze touch ki anba foto *CHÈZ WOULANT* la.

ONE WAY: Si w ap vwayaje ale yon bo, valab pou jou achte tike a sèlman.
Bis: Sèvi ak li sèlman lè w transfere soti nan yon bis ki wout konte a sèlman.

ROUND TRIP: Si wap vwayaje aleritou, jou achte tike a sèlman.
Bis: Sèvi ak li sèlman lè w transfere soti nan yon bis ki wout konte a sèlman.

MONTHLY: Valab pou sèvi san limite pou tout mwa a ke w achte tike a.

12-TRIP: Valab pou 12 grenn vwayaj/separe soti nan yon zòn pou ale nan yon lòt zòn. Ou dwe fè yo valide li chak fwa anvan ou monte tren an.

MONTHLY EDP: Manm EDP sèlman. Valab pou vwayaje san limit pou tout mwa a ke w achte tike a.

12-TRIP: Manm EDP sèlman. Valab pou 12 grenn vwayaj/separe soti nan yon zòn pou ale nan yon lòt zòn. Ou dwe fè yo valide li *chak fwa* anvan ou monte tren an.

Mèsi anpil ou monte Tri-Rail.

